



OFFICE FOR CIVIL RIGHTS

Office for Civil Rights

U.S. Department of Health
and Human Services

200 Independence Avenue, SW.
H.H.H. Building, Room 509-F

Washington, D.C. 20201

TELEFÒN

1-800-368-1019

IMÈL

ocrmail@hhs.gov

TDD

1-800-537-7697

www.hhs.gov/ocr

KONNEN DWA OU YO NAN KAD DISPOZISYON LWA HILL-BURTON LAN SOU ASIRANS POU SÈVIS NAN KOMINOTE AN

Kisa Lwa Hill-Burton lan ye?

Lwa Hill-Burton lan otorize asistans bay etablisman medikal piblik ak lòt etablisman medikal ki pa pou pwofi. Sa yo gen ladan yo lopital jeneral swen ki pouse, lopital espesyal, fwaye retrèt, sant sante piblik ak etablisman reyabilitasyon.

Asirans pou Sèvis nan Kominote an nan kad Tit VI Lwa sou Sèvis Sante Piblik lan egzije benefisyè fon Hill-Burton yo rann sèvis ki pa ijans yo, etablisman an bay, disponib pou nenpòt moun ki rezide nan espas sèvis etablisman Hill-Burton lan kèlkeswa ras, koulè, orijin nasyonal, lafwa oswa nenpòt ki baz ki pa kapasite pou l peye oswa kapasite etablisman an pou founi sèvis ki nesèsè yo.

Toutfwa, etablisman ki resevwa fon Hill-Burton yo dwe rann sèvis ijans yo disponib bay nenpòt moun ki rezide nan espas sèvis Hill-Burton lan, san konsiderasyon kapasite moun lan pou l peye.

Biwo pou Dwa Sivil (OCR) Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ozetazini an (HHS), ranfòse dispozisyon Asirans pou Sèvis nan Kominote Hill-Burton lan.

Kijan Hill-Burton lan pwoteje nou?

Nan kad obligasyon Hill-Burton yo sou Asirans pou Sèvis nan Kominote an, etablisman yo dwe:

- Founi sèvis ki pa ijans ki nesèsè yo bay nenpòt moun ki rezide nan espas sèvis etablisman Hill-Burton lan kèlkeswa ras, koulè, orijin nasyonal, lafwa oswa nenpòt ki baz ki pa kapasite pou l peye oswa kapasite etablisman an pou founi sèvis ki nesèsè yo.
- Patisipe nan pwogram Medicare ak Medicaid yo (amwenske l pa kalifye pou l fè sa).
- Afiche avi an anglè ak panyòl, ki enfòmè piblik lan sou obligasyon li yo pou sèvis nan kominote an. (Si 10 pousan oswa plis nan fwaye ki nan espas sèvis lan abityèlman pale yon lang ki pa anglè oswa panyòl, etablisman an dwe tradui avi an nan lang sa a epi afiche l tou).
- Pa refize sèvis ijans ak okenn moun ki rezide nan espas sèvis etablisman an sou baz moun lan pa kapab peye pou sèvis sa yo.
- Pa adopte politik admisyon pasyan ki gen efè pou mete deyò moun k ap chèche sèvis ki pa ijans sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, lafwa oswa nenpòt lòt baz ki pa lye ak bezwen epi kapasite pasyan an pou l peye pou sèvis lan oswa disponiblite sèvis ki nesèsè an.

Kijan pou depoze yon plent pou diskriminasyon ak Biwo pou Dwa Sivil lan (OCR)

Si ou kwè ou oswa yon lòt moun te sibi diskriminasyon nan men yon antite k ap resevwa fon Hill-Burton, ou oswa reprezantan jiridik ou an gendwa depoze yon plent ak OCR. Plent yo dwe depoze nan espas 180 jou apati dat ou sipoze diskriminasyon an te fèt lan.

Ou gendwa voye yon plent ekri oswa ou gendwa ranpli epi voye Fòm Plent OCR lan ki disponib sou paj wèb nou an nan www.hhs.gov/ocr. Fòm plent lan disponib tou sou paj wèb nou an nan yon kantite lòt lang anba Enfòmasyon sou Dwa Sivil yo nan seksyon Lòt Lang yo.

Enfòmasyon ki suiv yo la dwe gen ladan yo:

- Non, adrès ak nimewo telefòn ou.
- Ou dwe siyen non ou sou tout sa ou ekri. Si ou depoze yon plent nan non yon moun — pa egzanp: mari/madanm kliyan, elatriye — mete non, adrès, nimewo telefòn ak deklarasyon relasyon ou ak moun sa a.
- Non ak adrès enstitisyon oswa ajans ou kwè ki diskrimine an.
- Kilè, kijan epi poukisa ou kwè diskriminasyon an te rive.
- Nenpòt lòt enfòmasyon ki enpòtan.

Si ou voye plent lan nan lapòs, asire ou pou voye l nan atansyon manadjè rejyonal biwo rejyonal OCR ki apwopriye an. OCR gen dis biwo rejyonal epi chak biwo rejyonal kouvri eta ki espesifik. Ou gendwa voye plent yo nan lapòs bay Katye Jeneral OCR lan nan adrès ki suiv lan la:

Office for Civil Rights

U.S. Department of Health and Human Services 200

Independence Avenue, SW.

H.H.H. Building, Room 509-F

Washington, D.C. 20201

Pou aprann plis:

Vizite nou sou entènèt nan www.hhs.gov/ocr

Rele nou gratis nan 1-800-368-1019

Ekri nou imèl: ocrmail@hhs.gov

TDD: 1-800-537-7697

Gen sèvis asistans lengwistik pou zafè OCR ki disponib epi yo bay yo gratis. Sèvis OCR yo aksesib ak moun ki gen andikap.

www.hhs.gov/ocr